*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 227 (25956)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 8 декабр — цыппурсы мæйы 8 бон, майрæмбон** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 "ИУГОНД УÆРÆСЕ"-ЙÆ *Фембæлд адæмимæ*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Æмгуыстад**

## Пайдайаг ныхас – Мæскуыйы

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН кусæг фембæлд уыд Уæрæсейы Федерацийы Республикæ Беларусы Æнæнхъæлæджы æмæ Æхххæстбарджын минæвар Дмитрий КРУТОЙИМÆ. Æрныхас кодтой социалон-экономикон къабазы æмгуыстады тыххæй.**

Фембæлд арæзт æрцыд æхсæнадон равдыст-форум "Уæрæсе"-йы фæзуаты.



Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм: æхсæнадон равдыст-форум "Уæрæсе" цæуы Мæскуыйы Æппæтуæрæсеон Адæмон Хæдзарады Æнтыстдзинæдты Равдысты (ВДНХ) фæзуаты, кусын райдыдта 2023 азы 4 ноябры, æхгæд æрцæудзæн 2024 азы 12 апрелы.

Форум саразтой Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** фæндонмæ гæсгæ æмæ зонгæ кæны нæ бæстæйы цæрджытæ æмæ уазджыты УФ-йы 89 субъектты сæйраг æнтыстдзинæдтимæ. Йæ сæйраг нысантæй иу — фæсивæдæн æппæт егъау Уæрæсе равдисын æмæ сæм сæрыстырдзинад сæвзæрын кæнын, рæзгæ фæлтæры самидин кæнын ахуыры æмæ куысты ног бæрзæндтæм хизынмæ.

Равдыст-форумы архайынц Уæрæсейы Федерацийы æппæт субъекттæ дæр, федералон паддзахадон æхххæстгæнæг оргæнтæ, егъаудæр корпорацитæ, æхсæнадон организацитæ æмæ фæсарæйнаг бæстæтæ.



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Æхсæнад**

## Уæрæсейы Президенты æвзæрстытæ конд æрцæудзысты 2024 азы, 17 мартъийы

**Ахæм уынаффæ рахаста Федерацийы Совет.**



**"Уæрæсейы Федерацийы Президенты æвзæрстытæ конд æрцæуæнт 2024 азы, 17 мартъийы. Ацы уынаффæ йæ тыхы бацæуæд официалон æгъдауæй йæ ныммыхуыр кæныны фæстæ", — афтæ РИА Новости хъусын кæны уынаффæйы текст.**

**Куыд зонут, афтæмæй Уæрæсейы Президенты æвзæрстытæ сфидар кæныны бар хауы комкоммæ Федерацийы Советмæ.**

**Амалхъомад**

## Æхxуыс — æрыгæттæн

**Нæ республикæйы 22 æрыгон амалхъом адæймаджы 2023 азы райстой 10 милуан сомæн гранттæ фæйнæ 500 мин сомы сæ куыстуæттæ райрæзын кæнынæн.**

Уый тыххæй фехъусын кодта йæ телеграм-каналы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

— Æфсæддон дарæс æмæ хуыссæнгæрзтæ хуыйæн цех, сывæллоны рæзт æмæ ахуырадæн уæлæмхасæн центр, модæ æмæ стилы скъола, кондитерон цех — адæттæ бизнес-проектты чысылдæр хай сты, ацы аз гранттæй кæмæн баххуыс кодтам, уыдонæн,— ныффыста нæ республикæйы Сæргълæууæг.

Зæгъын ма хъæуы уый дæр, æмæ æхцайы æххуыс цыдис национ проект "Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомад"-ы бындурыл.

Ацы аз республикæйы бюджетæй уæлдæр амынд æххуыстæн дихгонд æрцыд 10,5 милуан сомы.

**Нæ уацхæссæг**

**Равдыст-форум**

## Цæгат Ирыстоны Бон

Знон, Мæскуыйы, Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты æппæтуæрæсеон цæдисы дунеон равдыст-форум "Уæрæсе"-йы уыд Цæгат Ирыстон-Аланийы Бон. Райдыдта 12 сахатыл, уырдæм, ома, 75-æм павильонмæ, æрбацыдысты нæ республикæйы минæвæрттæ, зæрдæйæ йæ чи уарзы, базонын æй кæй фæнды, æппæт уыцы адæм.



РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** ныхасмæ гæсгæ, нæ регион хъæздыг у хъазуатон фæллойгæнæг адæмæй, номдзыд спортсментæй, культурæйы кусджытæй. Цæгат Ирыстоны Бонмæ бацæттæ кодтой æвæджиауы программæ, æрбацæуæг уазджытæн фадат уыдзæн нæ зындгонд спортсментимæ фембæлынæн, мастер-кластæ дæр скæндзысты.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты æппæтуæрæсеон цæдисы фæзыл дæсгай фембæлдтытæ скæндзысты, уазджытæ базонгæ уыдзысты нæ республикæйы рæзтимæ, радзурдзысты сын нæ культурæйы, традициты тыххæй. Уæдæ нæ раззагдæр коллективтæ æмæ зарæггæнджытæ дæр сæ курдиат равдисдзысты. Уазджытæ бакæсдзысты ирон адæмон хæринæгтæ куыд конд цæуынц, уымæ дæр.

РЦИ-Аланийы разамонæг Сергей Меняйло куыд радзырдта, афтæмæй уазджытæм æнхъæлмæ кæсы уæлдай диссаг. "Æххæстæй йæ нæ дзурдзынæн, фæстæдæр мæ сусæгдзинæдтæ раргом кæндзынæн. Республикæйы Бон нæм æгас цæут, зынаргъ æмбæлттæ! Æппæт Уæрæсейæн нæ фæнды равдисын, нæ уарзон Ирыстон куыд рæсугъд у, уый", — ахæм уыдысты республикæйы Сæргълæууæджы ныхæстæ.

**("ОсНова")**

**Конкурс**

## Æвзонгты уæлахиз

**Сывæллæттæ æмæ æвзонгты туризмы республикон центр фыццаг бынат бацахста горæт Тверы конкурс "Сувенир года"-йы кæронбæттæны.**




Уый тыххæй йæ телеграм-каналы фехъусын кодта Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**.

"Центры разамонæг **Мæхæмæтты Петр**, конкурсы равдыста проект "Нарты хъæзтытæ"-йы иу хай, уым уыдис стъолыл ахуыргæнæн хъазт "Нарты фæндæгтæ", стæй ма нæ республикæйы туристон ахуырадон иу хай равдыста сувенирты фæрцы", — ныффыста министр.




Уæрæсейы 75 регионæй æмæ Беларусæй æдæппæт конкурсы туристон сувениртæ æвдыст æрцыд 3222 авторæй.

**Нæ уацхæссæг**

**Социалон фарстатæ**

## Ног азы ног нымæцтæ

**Нæ республикæйы Хицауады æмбырд цыппæрæмы цы уынаффæ рахаста, уымæ гæсгæ, 2024 азæй Цæгат Ирыстоны иу адæймагæн фæцæрыны æппынкъаддæры бæрц 2024 суыдзæн 13 мины 908 сомы.**



**2022 азы декабры чи уыд (12 мины 938 сомы), уыцы бæрцимæ абаргæйæ, уый фылдæр кæны 7,5 процентæй. Афтæмæй, ног, 2024 азæй фæстæмæ, куыстхъом адæймагæн фæцæрыны æппынкъаддæры бæрц уыдзæн 15 мины 160 сомы, пенсиисæгæн — 11 мины 961 сомы, сывæллонæн — 13 мины 491 сомы.**

**Нæ уацхæссæг**

**Хъæууон хæдзарад**

## Гæздæнты Гайтойы номыл — фæткъуыйы сорт

**Фыссæг-эмигрант ГÆЗДÆНТЫ Гайтойы номыл фæткъуы Цæгат Ирыстоны хорз ныффидар æмæ ныридæгæн фыццаг чысыл тыллæг радта.**

Уый тыххæй фехъусын кодта проекты автор **Станислав Стасенко**. Уый куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй фæткъуыйы ног гибридон сорт æппæт бæрæггæнæнтæм гæсгæ дæр йæхи хорзæй равдыста. Йæ сæйрагдæр хорздзинад ис йæ бæрзонд тыллæгæрзады, тагъд цæттæкæнынады, низтæм иммунитеты, дыргъты бæрзонд рауагъды, стæй тæвд æмæ уазалæн быхсындзинады.



Сортæн фæлварæн саразтой Цæгат Ирыстоны куыстуат "Де-Густо"-йы бындурыл, уым ын æрхъуыды кодтой ном дæр.

"Ацы аз сбæрæг кодтам ахсджиаг цау — Гæздæнты Гайтойы 120 азы. Рагæй йын кæсæм æмæ стыр аргъ кæнæм йе сфæлдыстадæн, сæрыстыр стæм, Ирыстоны хъæбул кæй уыд, уымæй. Уымæ гæсгæ, нæ разамонæг **Дзиццойты Риммæ** бахаста фæндон йæ номыл фæткъуыйы ног сорт рахонын", — фæбæрæг кодта компанийы финансон директор **Хъуылымбегты Жаннæ**. Йæ ныхæстæм гæсгæ, промышленнон æгъдауæй фæткъуыйы талатæ тыллæг дæттын 2026 азæй раздæр нæ райдайдзысты

Фæткъуыйы ног сорт "райгуырд" Цæгат-Кавказы федералон наукон дыргъдарæн центры Краснодары. Селекционертæ йыл куыстой дæс азæй фылдæр. Сæ къухы бафтыд, "Голден Делишес" æмæ "Либерти"-йы сорттæн гибридизаци саразгæйæ. Уый ратдзæн фадат хæрзхъæд дыргътæ исын бæрзонд тыллæгæрзадæй. Низтæм иммунитеты руаджы та йæ уæй кæныны аргъ дзæвгар ныллæгдæр уыдзæн, алыхуызон хостæй йæ кæй нæ пырх кæндзысты, уый фæстиуæгæн.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, 6 декабры зындгонд фыссæг Гæздæнты Гайтойы райгуырды боныл кæй сæххæст 120 азы.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Фæсарæйнаг хъуыддæгты ведомствæ**

## Æдасдзинады фарста

**Сауденджызон регионы Цæгататлантикон организаци йæ архайд кæй фæхъомысджын кодта, уымæ гæсгæ Хуссар Ирыстон æмæ Абхаз сæ æдасдзинад хъуамæ фæтыхджындæр кæной. Ахæм у Уæрæсейы Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады хатдзæг. Равæрдтой йæ министрады официалон сайты.**



Хатдзæгмæ официалон ведомствæ æрцыдысты Дунеон Женевæйаг быцæуныхасы фæстæ. Скодтой йæ 5-6 декабры, баст уыд Фæскавказы æдасдзинад æмæ нывылдзинадимæ.

Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрад куыд хъусын кæны, афтæмæй хъуамæ Цхинвал æмæ Сухум сæ æдасдзинадыл дарддæр кусой, Цæгататлантикон организаци Гуырдзыйы хæстон æрмæгæй, нырыккон хæцæнгарзæй хъомысджындæр кæны.

Быцæуныхасы архайджытæ уыдысты Гуырдзы, Абхаз, Хуссар Ирыстон, Уæрæсе æмæ Америкæйы Иугонд Штаттæ. Æмсæрдариуæг дзы кодтой Иугонд Нациты Организаци, Европæйы æдасдзинад æмæ æмгуыстады организаци æмæ Евроцæдис. Уæрæсейаг делегацийæн разамынд лæвæрдта Фæсарæйнаг хъуыддæгты министры хæдивæг **Михаил Галузин**.

**("Извести")**

## Дзырды фарн

*Кæй цы уырны,*
*уый – йæ дин; чи цы кусы,*
*уый та – йæ кад.*

*ГÆДИАТЫ Секъа*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **8 декабры,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **0-5 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **2-4 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,06
**Хурыскаст** — 07,18
**Хурныгуылд** — 16,24

Валютæйы аргъ
**Доллар** — 92,43↓
**Евро** — 99,66↓

12+

“Иугонд Уæрæсе”-йæ

# Сергей Меняйло фембæлд адæмимæ

**Парти ”Иугонд Уæрæсе”-йы регионалон хайад Дзæуджыхъæуы кæм æрбынæттон, уыцы æхсæнадон кусæнуаты Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд, йæ риссаг фарстатимæ йæм чи æрбацыд, нæ республикæйы цæрæг уыцы адæмимæ.**

**Маринæ К.** курæг уыд, цæмæй Октябрыхъæуы Тедеты Павелы номхæссæг уынгæй Центрон парчы онг æхсæнадон фæзуат нывылгонд æрцæуа. Горæтгæрон районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Есиаты Руслан** куыд бамбарын кодта, афтæмæй "Æнцонвадат уавæртæ горæты алыварс аразын"-ы федералон проекты æмæ "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг алыварс"-ы национ проекты фæлгæты 2024 азы зæххы ацы хайы, пъланмæ гæсгæ, арæзт æрцæудзысты рацарæзты куыстытæ.



Фембæлды архайдтой районты бынæттон хиуынаффæйады администрациты разамонджытæ, профилон министртæ. Æхсæнадон нысаниуæджы цæстæй акæсгæйæ, фарстатæн сæ фылдæр уыдысты ахадгæ. Раздæрау, ахсджиаг у хæрзхъæд медицинон лæггæдтæ кæнын æмæ лæвар хостæ дæттыны фарста. Афтæ, медицинон æгъдауæй йæ мадæн баххуыс кæныны куырдиатимæ æрбацыд **Виктория К.** Йæ ныййарæджы чи хъæуы, ахæм операцитæ кæнынц Цæгат Кавказы бирæкъабазджын медицинон центры Беслæны. Нæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан** зæрдæ бавæрдта, ныхас кæуыл цæуы, уыцы операци сылгоймагæн кæй скæндзысты ног азы январы.

Æрбацæуæг адæмæй бирæтæ хъаст кодтой, æхсæнадон транспорт нывыл кæй нæ цæуы, уымæй, бæлвырддæр та — "Дзæуджыхъæу-Дзуарыхъæу" æмæ "Дзæуджыхъæу-Лескен"-ы маршруттыл фаг автотранспорт кæй нæй, уымæй.

— Лизинджы фæрцы та республикæ ногæй уæлæмхасæн æлхæны автотранспорт. Хæс у иунæг — саразын уæлæмхасæн маршруттæ. Ацы ног автобустæ дæр нæм куыддæр фæзыной, афтæ уæлдæр амынд маршруттыл цæуæг автотранспорт дæр фæфылдæр уыдзæн, — бамбарын кодта РЦИ-Аланийы Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэл.**

Республикæйы цæрджыты тыхсын кæны фæлладуадзыны æхсæнадон бынæтты уавæр дæр. Горæтгæрон районы цæрæг

Æрбацæуæг адæмы 'хсæн уыд, царды сæвзæргæ уæззау уавæрты аххосæй материалон æххуыс чи агуырдта, ахæмтæ дæр. Алкæй куырдиатмæ дæр сæрмагондæй каст æрцæудзæн — уыцы хæс республикæйы Сæргълæууæг бабар кодта бæрнон адæймæгтæн.

**Нæ уацхæссæг**

Номарæн

# Дидинджытæ — æбæрæг салдаты ингæныл

**Уæрæсейы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы Цæгатирыстойнаг управленийы кусджытæ архайдтой Æбæрæг салдаты боны кадæн Алагиры районы Майрæмададжы уæвæг Суаргомы хъахъхъæнджыты музейы ацæуæг номарæн мадзæлтты.**

**Музейы кусджытæ æфсæддон службæгæнджытæ æмæ бынæттон скъолайы ахуырдзаутæн радзырдтой номарæн боны сæвзæрды тыххæй хабæрттæ, стæй сæ тематикон экспозицитимæ базонгæ кодтой.**

**Фыдыбæстæйы сæраппонд фæмардуæвæг хъахъхъæнджыты рухс нæмттæ аргæйæ, æмбырды архайджытæ æдзæмæй алæууыдысты, стæй Æбæрæг салдаты ингæныл дидинджытæ сæвæрдтой.**

*УФ-йы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ*

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Амырыкдзаутæ

Адæм тыхстысты сæ æвадат мæгуыр цардæй æмæ цыдысты куыстмæ алы бæстæтæм. Заманхъулы цæрæг сæрæн лæппутæй дæр сæдæ фæндзайы бæрц ацыдысты фæсарæнтæм, сæ фылдæр — Америкæмæ. Ацы бæлццæттæй æз кæй зыдтон, уыдоны тыххæй уын радзурдзынæн ацы фыстæджы.

Хъæстуаты Умар дæр сфæнд кодта Америкæмæ ацæуын. Куыд-иу дзырдтой, афтæмæй Умар уыдис сæрæн лæппу. Дæс азы фæцис фæсфурды æмæ сыздæхт йæ райгуырæн хъæумæ. Цы æхцатæ бакуыста уым, уыдонæй балхæдта трактор. Райхæлдта йæ, чырынты йæ бафснайдта æмæ йæ науы Новороссийскмæ æрбаласта, уырдыгæй — Беслæныхъæумæ. Умар æрæмбырд кодта трактор æмæ, дам, дæ "кулак" скæндзысты, зæгъгæ, йæ колхозмæ радта. Умар дæсны донуадзæг уыдис Заманхъулы, уыцы дæсныйадыл дæр Америкæйы сахуыр кодта. Цалынмæ цард, уæдмæ хъæуы донхъуаг ничи баййæфта. Алы тигъыл дæр уыдис доны кърант, æмæ адæм донæй уыдысты æфсæст.

Умарæн уыдис фырт Дудар æмæ цыппар чызджы. Абон дæр хъæуы цæрджытæй рох нæу Хъæстуаты Умары хорздзинад. Амард 1974 азы, рухсаг уæд.

Уæдæ Бæцæзаты Мæмæт дæр сфæнд кодта йе 'мгаримæ Америкæмæ ацæуын. Йæхæдæг уыдис Хъуысаты хæрæфырт. Уырдæм ацыд Бæройты Габолаимæ. Сæ балцы ацæуыны размæ Бæройтæм райгуырд сывæллон, чызг. Мæмæт Америчы фæцис 16 азы æмæ куы сыздæхт, уæд Бæройты чызг Зæлуханы æрхаста. Рацыдис сын фондз лæппуйы æмæ дыууæ чызджы.

Уæдæ афтидæй дæр куыд ссыдаид Мæмæт. Йе 'фсымæртæн балхæдта фос, æмæ уыдоны куыст кодтой. Рæстæг аивта, æмæ æфсымæртæн сæ фос байстой, колхозмæ сæ батардтой, сæхи та сын Сыбырмæ ахастой. Сæр æй бахъуыд Мæмæты, æмæ гæртамхортæн 10 сыгъзæрин сомы радта, æмæ æфсымæрты суæгъд кодтой. Мæмæт, æвæццæгæн, зæххы куыст сахуыр кодта Америкæйы æмæ Заманхъулы сарæзта халсарты хуымтæ Асæгъойы. Уым зайын кодтой халсартæ æрмæст адæмæн нæ, фæлæ æфсæддон хæйттæн дæр.

Абон дæр Мæмæт рох нæу Заманхъулы цæрджытæй, суанг ма йæ хæрзад пъамидортæ дæр. Кадджынæй фæцард йæ райгуырæн хъæубæсты, æмæ йын йæ хорз ном дарддæр хæццæ кæнынц йæ кæстæртæ.

Хъуысаты мыггаг дард анхъæвзта суанг Америкæйы онг. Хорз лæгтæ уыдис рагæй дæр ацы мыггаджы, абон сæ кæстæртæ хæссынц сæ мыггаджы намыс. Хъуысаты Черыхъойæн уыдис фондз фырты: Бечмырзæ, Хаутбег, Даурбег, Хаирбег, Хасан æмæ дыууæ чызджы — Диди æмæ Госæнуагъæ. Ацы æфсымæртæй Хаутбег дæр ацыд фæсфурдмæ æмæ дзы къорд азы фæцис. Революцийы фæстæ сфæнд кодта сæхимæ æрбаздæхын. Цы мулк бакуыста, уымæй балхæдта америкаг дамбацатæ, йæ зæрды сæ уыдис ам, Уæрæсейы, ауæй кæнын. Денджызон науы куы сбаддис йæ дыууæ чумæданимæ æд дамбацатæ, уæд ын сæ таможня байста. Йæхи та йын мидæгæй ахæстоны бакодтой.

Хаутбег ахуыргонд лæппу уыд, стæй англисаг æвзаг дæр хорз зыдта. Писмо ныффыста минæварадмæ, æмæ йæ суæгъд кодтой, фæлæ йын йæ дамбацатæ нал радтой. Афтæ-иу дзырдтой, хъалагъуыр, дам, ахæстонæй куы рацæйкодта Хаутбеджы, уæд, дам, æй йæ цырыхъхъæй скъуырдта. Уæд, дам, ын Хаутбег афтæ: "Зачем бьешь, начальник, рано привез или поздно приехал?"

Хаутбег бахæстæг кодта Зилгæйы хъæуы Гусалтимæ, йæ бинойнаг — Кошер. Йæ цардæмбалимæ сын рацыд цыппар лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Америкæйæ куы сыздæхт, уæд куыста, Заманхъулы цы бæхты фермæ уыд, уым, йе 'рвад Сабихимæ æмæ кодта селекцион куыст, æвæццæгæн, Америкæйы сахуыр. Фæцардис зæронды бонмæ кадимæ, æмæ сæ абон дæр хъæуы хонынц Хаутбегатæй. Рухсаг уæнт.

**ХЪУЫСАТЫ Асæхмæт**

Закъонæвæрынад

# Ахуырдзауты телефонты тыххæй

**Уæрæсейы Паддзахадон Думæ сфидар кодта телефонтæй скъолаты пайда кæнынæн гæрæнтæ сæвæрыны тыххæй закъон.**

Бæстæйы информацион агентад "Новости" куыд хъусын кæны, афтæмæй цардæн, кæнæ æнæниздзинадæн тæссагдзинады сæвзæрдимæ баст æвæстиатон цаутæй фæстæмæ документ урокты рæстæг мобилон телефонтæй пайда кæныны бар нæ дæтты. Уымæй уæлдай, Паддзахадон Думæ кæй сфидар кодта, закъонмæ бахæссинаг уыцы къорд срастгæнинаджы 'хсæн ис мæнæ ахæмтæ: иннæ азы 1 сентябрæй фæстæмæ скъолайы райдайæн æмæ астæуккаг кълæсты, æнæмæнг, амондзысты фæллойы уроктæ, стæй телефонтæй скъолаты пайда кæныны бар нæ уыдзæн (суанг ахуырадон нысантимæ дæр).

Закъоны райдиан редакци ахуырадон нысантимæ телефонтæй пайда кæныны бар лæвæрдта. Срастгæнинæгты автортæ сты Паддзахадон Думæйы сæрдар **Вячеслав Володин** æмæ Думæйы æппæт фракциты разамонджытæ. Октябры Паддзахадон Думæйы рухсады комитеты сæрдар **Ольгæ Казаковайы** разамындæй алыхуызон фракциты депутаттæ æмæ сенатортæ Паддзахадон Думæмæ амынд фæндон бахастой.

— Ахуырдзаутæн уыдзæн фитнес-браслеттæй пайда кæныны бар. Смартфонтæй пайда кæныны бар ма дæттыны хъуыддаг практикон уагæй æххæст кæнын куыд æмбæлы, уый тыххæй уынаффæ скъолатæ сæхæдæг рахæсдзысты. Сывæллæттæ скъолатæм кæй æрбахæссынц, уыцы телефонтæ æмæ сим-картæтимæ планшеттæй ахуырадон программæты пайда кæнын не 'мбæлы, — загъта Ольгæ Казакова.

Ныхас кæнгæйæ, бæстæйы рухсады министр **Сергей Кравцов** куыд фехъусын кодта, афтæмæй ныййарджытæн сывæллæттимæ бастдзинад уыдзæн, фæлæ урочы рæстæг сывæллонæн телефонæй пайда кæныны бар ратдзæн æрмæст ахуыргæнæг.

**Нæ уацхæссæг**

Барад

# Тæлæтгонд хæдтулгæ

**Тæрхонадон æмбырды рæстæг Алагиры районы прокуратурæ Горæтгæрон районы цæрæг 38-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.**

Ацы нæлгоймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 264.1-æм статьяйы 1-æм хайы ("Ноздзжынæй транспортон фæрæз скъæрыны тыххæй административон бæрнондзинад кæмæй бадомдтой, ахæм адæймаг расыгæй хæдтулгæ скъæры") амынд фыдракæнд саразынæй.

Куыд рабæрæг, афтæмæй ноздзжынæй транспортон фæрæз скъæрыны тыххæй ацы азы майы нæлгоймагæй административон бæрнондзинад бадомдтой. Йæхицæн æмбæлгæ хатдзæгтæ не скæнгæйæ, нæлгоймаг ацы азы июны ногæй расыгæй хæдтулгæ куы скъæрдта, уæд æй пъæлицæйы кусджытæ баурæдтой, транспортон фæрæзæй йæ рахизын кодтой æмæ йын медицинон иртасынад ацæуыны фæндон бахастой. Хæдтулгæскъæрæг барадхъахъхъæнджыты закъоны домæн сæххæст кæныныл не сразы.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды ныма йгæйæ, тæрхондон нæлгоймагæн рахаста 200 сахаты дæргъы æнæмæнг æххæстгæнинаг куыстытæ æххæст кæныны тæрхон, 2 азы æмгъуыдмæ йæ транспортон фæрæзтæ скъæрыны барæй фæцух кæнгæйæ. Уымæй уæлдай, паддзахадон зылынгæнæджы куырдиатмæ гæсгæ, закъонхалæг адæймаджы хæдтулгæ паддзахады пайдайæн тæлæтгонд æрцыд.

**Юлия КОЛЛЕГОВА**

Цæттæдзинад

# Цæстдард — скъолаты цалцæг æмæ арæзтадмæ

**Уæрæсейы Федерацийы регионты фылдæр æрдæг 2023 азы сæххæст кодтой, парти ”Иугонд Уæрæсе” Рухсады министрадимæ скъолаты бындурон цалцæджы тыххæй цы программæ уадзынц царды, уый пълан, 90 процентæй кæнæ та æнæхъæнæй. Сайт ER.ru куыд хъусын кæны, афтæмæй скъолаты агъуыстытæ сног кæныны проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый рагагъоммæ бæрæггæнæнтæ рахастой партийы федералон штабмæ, æмæ сæм æркастысты губернатортæ æмæ, объекттæ кæуыл фæдзæхст сты, уыцы депутаттимæ, УФ-йы Æхсæнадон палатæйы минæвæрттимæ.**

"Бындурон цалцæг фесты 1384 скъолайы. Афæдзы кæронмæ ма пъланы ис цалцæг фæуын 1765 скъолайы. Уыдонæй 1535-ы куыстытæ æххæстгонд æрцыдысты федералон бюджеты хæрдзты æххуысæй, 230 агъуысты та — регионты æхцайы фæрæзты руаджы. Ацы азмæ нысангонд объектты цалцæг æххæстгонд æрцыд, уый тыххæй бузныг зæгъын губернатортæ æмæ регионалон командæтæн сæ куысты хорз бæрæггæнæны тыххæй", — фæбæрæг кодта "Иугонд Уæрæсе"-йы Генералон советы нымæрдар **Андрей Турчак.**



46 регионы та объектты цæттæдзинад у 90 процентæй фылдæр. "Дызæрдыггаг нæу, азы кæронмæ куыстытæ кæй фæуыдзысты. Бузныг зæгъын ма мæ фæнды РФ-йы Рухсады, Арæзтады министрадтæн, губернатортæ æмæ аразджытæн, стæй не 'мкусджытæн регионты, ацы вазыгджын программæйыл дзуапдæтджытæн", — бафтыдта ма йæ ныхасыл Андрей Турчак.

Штабы ма æрныхас кодтой ног скъолатæ аразыны тыххæй Президенты программæмæ гæсгæ. 2023 азы хъуамæ срæвдз уой 390 агъуысты. "2019 азæй фæстæмæ эксплуатацимæ лæвæрд æрцыд 1076 ног скъолайы. Æмткæй райсгæйæ дзы ис 671 мин ахуырадон бынаты, ацы аз та — 237 скъолайы 177 мин бынатимæ. Уый хорз бæрæггæнæн у. Фылдæр объекттæ срæвдз уыдзысты сæ нысангонд æмгъуыдтæм", — фæбæрæг кодта "Иугонд Уæрæсе"-йы Генералон советы нымæрдар.

Кæронбæттæны Андрей Турчак фæдзырдта регионты сæргълæууджытæ æмæ бæрнон кусджытæм, цæмæй нысангонд æмгъуыдтæм куыстытæ фæуой. "Ацы азы кæронмæ программæмæ гæсгæ цы куыстытæ снысан кодтам, уыдон æнæмæнг фæуын хъæуы. Куыд баныхас кодтам, афтæмæй бæрзонд хæрзхъæддзинадимæ æмгъуыдтæм гæсгæ", — бахахх кодта "Иугонд Уæрæсе"- йы Генералон советы нымæрдар.

Азы кæронмæ ма "Иугонд Уæрæсе" æмæ Рухсады министрад иу хатт штабы æрæмбырд уыдзысты, уым программæйы пъланы фæстæзад субъекттæ хъуамæ фехъусын кæной, скъолаты арæзтады уавæр рараст кодтой æви нæ. Партийы проект "Ног скъола"-йы регионалон координатор, РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк** фæбæрæг кодта, федералон бюджетæй скъолатæ цалцæг кæныны тыххæй цы фæрæзтæ райста, уыдоны бæрцмæ гæсгæ нæ республикæ кæй ис Уæрæсейы регионты фыццаг фондзы рæнхъы. "Дыууæ азмæ республикæйы цалцæггонд æрцыд 66 скъолайы, уый тыххæй нын федералон бюджетæй радтой 4 миллиард сомы бæрц. Уый бæрц фæрæзтæ ма хардзгонд æрцæудзысты программæ фæуыны рæстæгмæ, — фæбæлвырд кодта уый. — Афтæмæй, программæйы фæлгæты, æмткæй райсгæйæ, республикæйæн лæвæрд æрцæудзæн 8 миллиард сомæй фылдæр. Цæгат Ирыстоны бындуронæй цалцæггонд æрцæудзæн 117 скъолайы. Сæ фылдæр хай нырыдæгæн цæттæ у, 51 ахуырадон уагдоны та срæвдз уыдзысты 2026 азы кæронмæ. Хæстæгдæр дыууæ азы ма сцалцæг кæндзыстæм 26 скъолайы. Ацы программæйы руаджы нын фадат фæци, бындурон æгъдауæй сцалцæг кæнын кæй хъуыди, уыцы скъолатæ баræвдз кæнынæн, уыдон та сты Цæгат Ирыстоны ахуырадон уагдæтты 80 проценты", — загъта Дзанайты Марк.

**САНАТЫ Альбинæ**

Æнæниздзинад

# Рæуджыты низтæ сбæрæг кæнынæн

**Нæ республикæйы фæзынд ног цæугæ флюорограф.**

**Хæстæгдæр рæстæг аппарат лæвæрд æрцæудзæн нæ республикæйы медицинон кусæндæттæй иуæн, медико-санитарон æххуысæн.**

**Регионы ныры онг кусы 4 ахæм цæугæ аппараты рæуджыты низтæ сбæрæг кæнынæн.**

*РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ*

Аивад

# Стыр уæлахизмæ ма — цалдæр къахдзæфы...

**Ирыстоны фæрнджын зæххыл та аивады ног стъалы фæзынд. Фæзынд дæр хуымæтæджы нæ... Райсомæй хур куыд скæсы, æмæ йæ тынтæй бæстæ куыд ныррухс вæййы, афтæ йын йæ рæсугъд аив хъæлæсы зæлтæм хъусынæй нал фефсæдынц. Йæхимæ сæ æлвасы цавæрдæр уæларвон тыхтæй. Алæмæтаг сыгъдæг ирон хъæлæсы зæлтæ хæссынц æхцондзинад зарæг уарзджытæн. Ахæм тых æмæ хъару æрмæстдæр æрдзон курдиаты хицаумæ разыны. Уыцы курдиатæй фæхайджын хætæлдойнаг лæппу АБАЙТЫ Артур дæр.**

Артур кæд нырма аивады йæ фыццаг къахдзæфтæ кæны, уæддæр йæ равзæрст фæндагыл цæуы уæндонæй, æмæ йын æнтысгæ дæр кæны. Бирæ аивадуарзджытæн йæ ном зонгæ нæма у, æмæ уыцы хъуыддаг махæн уæлдай æхсызгондæр у, фыццагдæр æй нæ газеты руаджы кæй базондзысты, уый.

Уæдæ базонгæ ут, фидæны Ирыстоны сæрмæ йæ курдиаты стъалы цæхæркалгæ кæмæн ссудздзæн, уыцы зарæггæнæгимæ.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй Артур райгуырд Хæтæлдоны 2000 азы 12 апрелы. Уæздандзинад æмæ æфсарм сывæллон бинонтæй рахæссы. Йæ фыд Абайты Олег, хъыгагæн, уæззау низы аххосæй йæ цардæй раджы ахицæн, рухсаг уæд. Йæ мад Гуыриаты Анжелæ бирæ азты фæкуыста Хæтæлдоны хъæуы сывæллæтты рæвдауæндоны хъомылгæнæгæй. Къæбæрдæттон, уазæгуарзаг бинонтæ хъæубæсты алкæддæр нымад уыдысты.

Скъола каст фæуыны фæстæ Абайты Артур ахуыр кæнынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледжмæ, вокалон хайадмæ. Уым ын зарæггæнæджы дæсныйады сусæгдзинæдтæ цæстуарзонæй амыдта фæлтæрдджын æмæ зындгонд педагог, УСФСР-йы сгуыхт артисткæ, РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ Котолиты Мария.

— Мария уыд диссаджы зæрдæхæлар æмæ цæстуарзон адæймаг æмæ педагог. Мæ нанатæй иуы дæр не 'рыййæфтон, рухсаг уæнт, æмæ цыма Мария мæ нана уыд, ахæм цæстæй мæм каст. Зонындзинæдтæй уæлдай дзы уый бæрц рæвдыд уыдтон, æмæ мæ никуы ферох уыдзæн. Суанг ма-иу ын, мæ зæрдæйы арфы цы 'мбæхст фæндтæ уыд, уыдон дæр мæ бон уыд радзурын, раргом кæнын. Куыд зæрдæхæлар æмæ фæлтæрдджын хистæр, афтæ мæм-иу байхъуыста æмæ мæ раст фæндагыл арæзта. Хъыгагæн, æртыккæгæм курс куы фæдæн, уæд Мария йæ цардæй ахицæн, рухсаг уæд, — зæгъы йæ мысинæгты Артур.



— Уый фæстæ мын ахуыргæнæг уыд фæлтæрдджын педагог **Кочиты Хасан**. Уымæн дæр зæгъын бузныг, йæ зонындзинæдтæ мын æнæвгъау æмæ цæстуарзонæй кæй лæвар кодта, уый тыххæй.

Колледж куыддæр фæци, афтæ Артурмæ фæсидтысты æфсады рæнхъытæм, æмæ йæ хæс Фыдыбæстæйы раз кадимæ сæххæст кодта. Æфсадæй куы ссыд, уæд та йæ бафæндыд дарддæр ахуыр кæнын, æмæ бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты аивæдты факультетмæ.

— Рагæй дæр мæ фæндыд ирон театры актер суæвын, фæлæ фыццаг сценæмæ адæмы размæ рацæуын мæ ныфс нæ хастон. Ныр иу гыццыл фæныфсджындæр дæн, фæцахуыр дæн, — йæ мидбылты бахудгæйæ зæгъы Артур.

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты аивæдты факультеты Ирон театрæн цы специалисттæ цæттæ кæнынц, уыцы сæрмагонд къордæн ахуырæн дæр æмæ стипенди дæр фиды советон æмæ уæрæсейаг спортсмен, уæгъдибар хъæбысхæстæй олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты æмæ Европæйы фондз хатты чемпион **Хæдарцаты Махарбег**. Æгайтма йæм ахæм æрхъуыдыдзинад разынд. Йæ цæрæнбон бирæ уæд!

— Актеры дæсныйад нын амоны æмæ нæ къорды разамонæг дæр у РЦИ-Аланийы адæмон артист **Æлбегаты Алан**, сценикон архайды сусæгдзинæдтæ нын æргом кæны **Гуццаты Тамерлан**, аивадон дзырды хæзнатимæ нæ зонгæ кæны РЦИ-Аланийы адæмон артист **Битарты Алыксандр**, — радзырдта нын Артур.

Куыд зонæм, афтæмæй киноныв "Фатимæ" тагъд ног хуызы фæзындзæн сценæйыл. Цæгат Ирыстоны культурæйы зындгонд кусджытæ зæрдиагæй архайынц мюзикл "Фатимæ" саразыныл. Режиссер Битарты Алыксандр æмæ аивадон разамонæг **Тайсауты Олег** куыд зæгъынц, уымæ гæсгæ нæ республикæйы нырма ахæм мюзикл æвæрд никуыма æрцыд. Егъау премьерæмæ æнхъæлмæ кæсæм ног азы апрелы. Иу сценæйыл иумæ архайдзысты, куыд фæлтæрдджын артисттæ, афтæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты студенттæ æмæ зарæггæнджыты къордтæ дæр. Дзамболаты сурæты дзы азардзæн æмæ ахъаздзæн Абайты Артур.

Пьесæйы ирддæр скъуыддзæгтæй иу у, Дзамболат йæ зæрдæйы æнкъарæнтыл кæм дзуры, фæлæ йæ цыма Фатимæ æппындæр нæ хъусы. Дыууæ уарзон уды ахастдзинæдтæ актертæ архайынц равдисын дæсныйæ. Æнцон нæу, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ алы бон дæр сæхиуыл æнауæрдонæй кæй кусынц, уый бæрæг у.

Уæдæ æнхъæлмæ кæсæм премьерæмæ!

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

# Программа телепередач с 11 по 17 декабря

## 11 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние Новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Ищейка" 16+
22.55 Большая игра 16+
23.55, 00.40, 01.25, 02.10, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Тайны следствия" 16+
23.30 Военкоры 16+
00.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.30 Т/с "Склифосовский" 12+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
15.00- Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия24"
**"Алания" канал "Россия 24"**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.50 Т/с "Улицы разбитых фонарей" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00, 00.00 Т/с "Лихач" 16+
00.50 Т/с "Золото Лагина" 16+
03.25 Т/с "Свет и тень маяка" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.15, 07.05, 08.05, 09.30, 09.40 Т/с "Купчино" 16+
08.55 Знание-сила 0+
10.40 Х/ф "Возвращение" 16+
12.40, 13.30, 14.10, 15.10, 16.05 Т/с "Аз воздам" 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25, 00.30 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
22.20, 23.10, 01.15, 02.00 Т/с "Великолепная пятерка-4" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.55 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.05 Черные дыры. Белые пятна 16+
07.45 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.30 Х/ф "Баллада о доблестном рыцаре Айвенго" 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.25 XX Век. Иннокентий Смоктуновский в программе "Мой Чайковский" 16+
12.15 Д/ф "Забытое ремесло". "Вышивальщица" 16+
12.45 Новости. Подробно. Арт 16+
13.00 XXIV Международный телевизионный конкурс юных музыкантов "Щелкунчик" 16+
15.00 Линия жизни 16+
15.55 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
17.15, 02.25 Д/ф "Тамбов. Дворец Асеевых" 16+
17.45 Х/ф "Семнадцать мгновений весны". Штирлиц, а вас я попрошу остаться!" 16+
18.25 Д/ф "Первые в мире". "Мазер Прохорова и Басова" 16+
18.40 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.55 Сати. Нескучная классика... 16+
21.50 Острова 16+
22.30 Х/ф "Первый учитель" 6+
00.05 Д/ф "До бронзы" 16+
00.20, 00.40, 01.00 Т/с "Порус" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.20 Спортивный век 12+
06.30 Все о главном 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.50, 18.25 Новости
07.05, 21.55, 00.45 Все на Матч! 12+
10.05 Лица страны. Диана и Сергей Рябовы 12+
10.25 Игра миллионов 12+
11.25, 20.45 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! 12+
14.55 Футбол. Журнал Лиги чемпионов 6+
15.25 Громко 12+
16.25 Х/ф "Борг/Макинрой" 16+
18.30 Хоккей. Прощальный матч Евгения Кетова. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
22.40 Футбол. Чемпионат Италии. "Кальяри"-"Сассуоло". Прямая трансляция
01.25 Матч! Парад 16+
01.55 Самбо. Гран-при. Финал. Трансляция из Верхней Пышмы 12+
03.55 Новости 0+
04.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. "Пари Нижний Новгород"-"ПАРМА" (Пермский край) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15, 04.15 Д/с "Большое кино" 16+
08.45 Х/ф "Алиса против правил" 12+
10.45, 00.30 Петровка, 38 16+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50 Х/ф "Стряпуха" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00, 02.45 Х/ф "Кто поймал букет невесты" 12+
16.55 Д/с "Русские тайны" 16+
18.10 Х/ф "Я иду тебя искать. Московское время. За закрытыми дверями" 12+
22.35 Специальный репортаж 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.45 Д/ф "Тайная комната. Клан Кеннеди" 16+
01.25 Д/ф "Татьяна Бестаева. Разлучница" 16+
02.05 Д/ф "Заброшенный замок. Воспитание нацистской элиты" 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 06.20 По делам несовершеннолетних 16+
07.30 Давай разведемся! 16+
08.30 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.20 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.45, 00.30 Д/с "Порча" 16+
12.55, 01.25 Д/с "Знахарка" 16+
13.30, 01.50 Д/с "Верну любимого" 16+
14.05, 02.20 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.40 Х/ф "Родные и близкие" 16+
19.00 Х/ф "По ту сторону солнца" 16+
02.45 Х/ф "Райский уголок" 16+
06.05 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00 Самые шокирующие гипотезы 16+
